

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Tradisi Ngarupus dilaksanakeun di Désa Bantaragung Kecamatan Sindangwangi Kabupatén Majalengka. Ieu tradisi mangrupa salasahiji tradisi anu miboga ciri has sarta daya irut sorangan lantaran patali jeung kahirupan awal manusa di alam dunya. Dumasar kana hasil panalungtikan boh hasil observasi boh hasil wawancara lahirna tradisi Ngarupus acan kapaluruh waktuna. Narasumber ngan nétélakeun yén tradisi Ngarupus geus aya ti jaman baheula, nyaéta mangrupa warisan turun-tumurun ti kolotna. Fungsi tradisi Ngarupus téh aya tilu, nya éta fungsi spiritual, fungsi sosial jeung fungsi pariwisata. Éta tilu fungsi téh geus ngésér. Dina mangsa bihari ieu tradisi Ngarupus téh boga fungsi spiritual jeung fungsi sosial wungkul teu boga fungsi pikeun pariwisata. Ari mangsa kiwari, tradisi Ngarupus téh boga fungsi sosial jeung fungsi pariwisata, tapi teu boga fungsi spiritual anu kuat saperti dina mangsa bihari. Sanajan teu boga fungsi spiritual, ieu upacara adat masih kénéh dilaksanakeun ku masarakat Désa Bantaragung.

Struktur upacara anu dilaksanakeun dina tradisi Ngarupus bisa katempo tina palaku, tempat, waktu, runtuyan acara jeung sasajén nu aya dina tradisi Ngarupus. Palaku anu ilubiung dina tradisi Ngarupus nyaéta orok anu umurna salapan poé atawa sabelas poé, indung orok, paraji, kulawarga, tatangga jeung tokoh agama. Tradisi Ngarupus dilaksanakeun di imah kulawarga orok. Tradisi Ngarupus diwengku ku sababaraha prosési, ungal prosési biasana ditempat anu béda. Tradisi Ngarupus keur orok awéwé dilaksanakeun dina poé kasalapan sedengkeun keur orok lalaki mah poé kasabelas. Dina prak-prakana dilaksanakeun ti isuk kénéh, utamana nataharkeun sagala hal nu jadi sarat pikeun pakakas, jeung sasajén dina upacara Ngarupus. Struktur runtuyan acarana nyaéta dibagi jadi tilu bagian aya kagiatan bubuka, kagiatan inti, jeung kagiatan panutup. Nu kaasup kagiatan bubuka nyaéta ngadu'a, ngamandian orok, ngadangdanan orok, jeung nataharkeun sasajén sarta gagantungan. Nu kaasup kana kagiatan inti nyaéta mudun lemah, tawur, namu, ngayun, jeung kurek-kurek. Sedengkeun nu kaasup kana kagiatan panutup nyaéta sadon matang.

Unsur sémiotik anu kapaluruh aya ikon, indéks jeung simbol. Ikon nu kapanggih dina tradisi Ngarupus téh aya dalapan, nyaéta ayunan, duit jeung béas, leupeut, paraji, payung, péso, samping kebat, jeung tangtang angin. Indeks anu kapanggih tradisi Ngarupus téh aya

tujuh nyaéta dahar babarengan, ngamandian orok, ngayun, ngetrokan panto bari ngais orok, nincakeun suku orok kana taneuh jeung melak pare, nyiapkeun sasajén jeung gagantungan, sarta tawur duit. Sarta simbol anu kapanggih aya dina tradisi Ngarupus aya 34, nyaéta apem bodas jeung beureum, bakakak hayam, balagudeg, bawang bodas, bonténg, beubeutian, bubur bodas jeung beureum, buceng, congcot, cai kembang, cau, cabé beureum, cai herang, cai asem, dawegan, endog hayam, entéh pait jeung amis, gula beureum, jasadah, kacang panjang, kopi amis jeung pait, napelkeun endog kana bagian awak orok, ngagantungkeun rupa-rupa ka

daharan dina ayunan, ngdangdanan orok, opak jeung rangginang, roko surutu, sangu ketan, sangu jeung endog, seupaheun, tanjang jeung pépéték, tarasi, tangkué, gula watu sarta toge. Katitén yén dinatradiisi Ngarupus téh euyeub ku siloka jeung ma'na-ma'na pikeun kahirupan.

Hasil panalungtikan ngeunaan struktural jeung sémiotik dina tradisi Ngarupus di Désa Bantaragung Kecamatan Sindangwangi Kabupatén Majalengka bisa dijadikeun salasahiji alternatif bahan pangajaran basa Sunda, hususna di SMA kelas XI. Anu diluykeun jeung KIKD pangajaran basa Sunda, dilarapkeun dina matéri ngeunaan bahasan budaya Sunda. Ari ambahan bahan ajarna ngawengku: (1) téks bacaan; (2) istilah-istilah nu aya dina tradisi Ngarupus; (3) maham eusi bacaan; jeung (4) diskusi struktur jeung semiotik dina tradisi Ngarupus.

5.2 Saran

Sabada nalungtik tradisi Ngarupus, karasa loba pisan mangpaatna pikeun nu nyusun. Di sagigireun ngaguar tradisi, ogé bisa nambahan élmu pangaweruh séjénna. Tétéla geuning, tradisi Ngarupus téh miboga ajén-inajén anu luhung dina simbol-simbolna.

- 1) *Pikeun pihak lembaga atikan* ieu panalungtikan bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran bahasan budaya Sunda di SMA.
- 2) *Pikeun pihak masyarakat*, tradisi Ngarupus mangrupa tradisi anu diwariskeun ti para karuhun hususna karuhun Désa Bantaragung, ogé miboga ajén-inajén anu positif di jerona. Ku kituna, ieu acara ulah nepi mawa kamusrikan jeung ieu tradisi téh kudu dimumulé.
- 3) *Pikeun lembaga panalungtikan*, ieu panalungtikan masih karasa jauh kénéh tina kasempurnaan. Ku kituna, kacida hadéna upama panalungtikan samodél kieu dituluykeun deui dina widang ulikan séjénna deui sangkan leuwih loba mangpaat tina ieu panalungtikan.